

**ULIKAN MODEL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE *TEAM GAMES*
TOURNAMET PIKEUN MOTIVASI DIAJAR MURID
(Analisis Deskriptif Kualitatif jeung Tehnik Studi Sastra)**

Ku:

Annes Sella Futriani

165060005

ABSTRAK

Skripsi ieu ngagunakeun metode *studi literatur* pikeun nganalisis pangaruh model *Team Games Tournament* kana motivasi diajar murid. Dina prosés diajar, motivasi diperlukeun pikeun ningkatkeun hasil diajar anu kahontal. *Motivasi* nya éta dorongan pikeun diri pribadi supaya ngalakukeun parobahan nu matak tujuan diajar kahontal. *Motivasi* diajar tangtu bisa ditingkatkeun ku ngagunakeun model anu bener saperti model *Team Games Tournament*, sabab model ieu bisa nyurungkeun murid supaya aktip gawe bareng dina diajar kelompok. Model *Team Games Tournament* miboga kaunggulan nu matak murid leuwih aktif jeung kreatif dina ngajawab patarosan-patarosan anu diajukeun ku unggal pananya. Numutkeun hal éta, model *Team Games Tournament* ieu luyu pikeun nyiptakeun *motivasi* diajar murid sangkan bisa ngahontal tujuan diajar.

Kecap Pamageh: *Studi Literatur, Team Games Turnament, Motivasi* Diajar.